

# Preparasyon pou Kolonoskopi Enstriksyon anvan Pwosed

## KISA YON ANDOSKOPI/KOLONOSKOPI YE?

- Yon andoskopi se yon pwosedi yo itilize souvan pou pasyan ki pa entène ki pèmèt doktè w gade doublie andedan tib dijestif ou (vant, entesten ak/oswa kolon) avèk yon tib fleksib ki long. Si sa a nesesè, yo ka pran yon echantiyon tisi (byopsi) oswa yo ka retire yon mas (polip) pandan pwosedi a.
- Nan jou pwosedi a, ou pral mete yon blouz lopital epi ou pral rankontre avèk ekip swen w lan. Yon enfimyè ap kòmanse ba w yon sewòm(IV). Yo pral itilize IV a pou ba w likid ak medikaman.
- Anvan pwosedi a kòmanse, ou pral kouche sou bò goch kò w. Apresa, w ap resevwa medikaman ki pou fè w santi w byen, pou ou pa konsyan de sa a oswa pou fè w dòmi pandan pwosedi a. Aprè ou fin andòmi, y ap rantre yon tib ki grese nan bouch ou ak/oswa nan twou dèyè w k ap rantre nan tib dijestif ou. Ekip swen w lan pral siveye w pandan pwosedi a pou asire ou an sekirite epi ou santi w byen.
- Doktè a ap mete lè, CO2 oswa dlo nan entesten yo pandan pwosedi a pou ede l wè doublia. Ka gen enpe gonfleman oswa kramp nan vant pandan yon ti tan ki asosye avèk pwosesis sa a.
- Si yo retire nenpòt tisi oswa polip pandan pwosedi a, y ap voye yo nan laboratwa pou analiz. Etap anplis sa yo pa lakòz malèz anjeneral.
- Pwosedi a dire apeprè 30 minit. Sepandan, ou dwe planifye pou ou nan sant andoskopi a pandan omwen plizyè èdtan. Tan total la gen ladan tan ki nesesè pou anrejistreman, preparasyon pou pwosedi a, pwosedi a li menm ak siveyans pou retablisman an.

## KISA POU OU ATANN APRE PWOSEDI A

- Pifò pasyan pa sonje okenn pati nan pwosedi a. Ou ka gen enpe gonfleman oswa kramp pandan yon ti tan epi ou ka santi w bezwen fè gaz apre pwosedi a.
- Apre pwosedi a, y ap siveye w nan sal retablisman an jiskaske efè medikaman sedatif la disparèt. Ekip swen w lan pral pale sou rezulta pwosedi a ak plan swivi a. Si yo te retire nenpòt tisi pandan pwosedi a, rezulta sa yo ka pa disponib jiska yon semèn apre yo fin ba w egzeyat.
- Yon moun dwe disponib pou akonpaye w lakay ou lè w soti nan pwosedi a paske sedasyon an ap febli reflèks ou ak rezònman w. Pandan rès jounen an, ou pa dwe kondi machin, opere machin, ale nan travay, ni pran desizyon enpòtan/desizyon ki gen pou wè ak lalwa.
- Konplikasyon yo ra (mwens pase youn sou 1,000 egzamen), men yo gen ladan reyakson ak medikaman, pèforasyon (dechire) entesten ak senyen ki pafwa mande tretman rapid oswa operasyon. Enfòme nou imedyatman epi/oswa chèche swen medikal ijans si w gen nenpòt gwo doulè, poupou nwa ki sanble goudwon oswa senyen, oswa lafyèv/frison nan èdtan oswa jou apre pwosedi a.

## 7 JOU ANVAN PWOSEDI A

### KÒMANSE REJIM KI PA GEN ANPIL REZIDI:

- OKENN nwa, grenn, pòpkòn/mayi, pwodui grenn antye, legim kri, pwodui ki gen anpil fib, chè fwi
- Gade nan paj “low residue diet” (rejim ki gen rezidi fèb) la pou plis detay.

### SISPANN TOUT SA KI ANBA A KI APLIKAB.

- Siplement abaz fè ak nenpòt siplement san preskripsyon ki vann lib.
- Siplement fib yo (Metamucil, Citrucel, Benefiber)
- Medikaman GLP-1 (Gade nan lis medikaman GLP-1 yo) si w ap pran yo chak semèn
- SISPANN** medikaman antikowagilan (gade nan lis medikaman antikowagilan yo) nan entèval doktè w/ekip swen w lan endike a. Ou pa bezwen sispann pran Aspirin 81 mg.

### SI W GEN DYABÈT:

- Mande doktè ki ba w preskripsyon an enstriksyon sou fason pou ou jere medikaman pou dyabèt ou yo pou pwosedi a.

### PASE PRAN ATIK YO NAN FAMASI.

Pase pran medikaman preskripsyon preparasyon yo nan famasi (si w pa t déjà planifie livrezon avèk sèvis famasi espesyalize a). Tanpri enfòme doktè w si gen nenpòt pwoblèm avèk preskripsyon w lan.)

## 4 JOU ANVAN PWOSEDI A

- SISPANN** pran tout medikaman inibitè SGLT-2 (gade nan lis medikaman SGLT-2 yo)

## 1 JOU ANVAN PWOSEDI A

- Bwè likid klè pandan tout jounen an (gade nan seksyon rejim likid klè a ki anba a). **OKENN MANJE SOLID.**
- A 6 pm, bwè mwatye nan medikaman sou preskripsyon pou preparasyon entesten an.
- Pran LÒT MWATYE nan medikaman sou preskripsyon pou preparasyon entesten an **4 èdtan** anvan lè pou w RIVE pou pwosedi a.
- Apre minwi nan lavèy pwosedi w la, ou pa dwe bwè anyen apa dlo, Gatorade, oswa ji pòm.

### SI W GEN DYABÈT:

- Swiv enstriksyon doktè ki ba w preskripsyon an pou medikaman kont dyabèt ou yo.

### SI W AP PRAN MEDIKAMAN GLP-1 (gade nan lis medikaman GLP-1 yo):

- SISPANN** pran medikaman GLP-1 w lan 1 jou anvan pwosedi a si w ap pran l chak jou.

### REJIM LIKID KLÈ

Bwè likid klè pandan tout jounen an. Si w pa ka wè atravè likid ki nan vè a, li pa likid klè.

✖ Okenn manje solid ✖ Okenn lèt oswa krèm ✖ Okenn alkòl ✖ Okenn chè fwi

### Egzanp Likid Klè yo

Dlo/bouyon klè	Crystal Light
Ji pòm (san chè fwi)	Te glase
Jelo/Popsicles senp (ki pa koulè wouj ni v.	Gatorade (ki pa koulè wouj ni vyolè)
Soda (7UP, Sprite, Ginger Ale)	Kafe/te (san lèt ni krèm)

## NAN JOU PWOSEDI A

- OKENN MANJE, OKENN SIRÈT, OKENN CHIKLÈT.**
- Ou ka bwè dlo, Gatorade oswa ji pòm (san chè fwi) jiska **2 èdtan anvan lè pou ou RIVE a.** Ou pa dwe bwè okenn lòt likid.
- Apre 2 èdtan anvan lè pou ou RIVE a,** ou pa ka bwè anyen.
- Ou ka pran medikaman sou preskripsiyan abityèl ki pwograme pou ou pran (ki pa GLP-1, ki pa SGLT-2, ki pa antikowagilan) (sètadi tansyon oswa tiwoyid) ak ti gòje dlo.
- Si w gen dyabèt, swiv enstriksyon doktè ki ba w preskripsiyan an pou medikaman kont dyabèt ou yo.

## LIS MEDIKAMAN GLP-1 YO

Medikaman GLP-1 yo se medikaman moun pran pou dyabèt oswa pou pèdi pwa ki kapab ralanti tan pou lestomak la vin vid, epi sa a ka lakòz manje rete nan vant lan. Si gen manje ki rete nan vant ou, sa a ka rann andoskopi a pa efikas oswa li ka danjere. Si w ap pran nenpòt nan medikaman sa yo ki anba la a, ou pral gen pou w sispann pran yo anvan andoskopi a pou ede anpeche sa a rive.

Epitou w ap gen pou ou swiv yon rejim likid klè sèlman (okenn manje solid) pandan 24 èdtan anvan pwosedi a. Si w ap pran yon medikaman GLP-1 pou dyabèt, tanpri fè doktè ki ba w preskripsiyan an (doktè ki ekri preskripsiyan GLP-1 ou yo) oswa andokrinològ la (doktè dyabèt la) konnen ou dwe sispann pran medikaman sa a anvan andoskopi w la. Li ka vle pou ou pran yon medikaman diferan pandan peryòd sa a pou anpeche sik nan san w vin wo anvan pwosedi a.

*Si w ap pran nenpòt nan medikaman sa yo chak semèn, ou pral gen pou ou sispann pran yo 7 jou anvan pwosedi a.*

- Dulaglutide (Trulicity)
- Exenatide ER (Bydureon BCise)
- Semaglutide (Ozempic, Wegovy)
- Tirzepatide (Mounjaro)
- Tirzepatide (Zepbound)

*Si w ap pran nenpòt nan medikaman sa yo chak jou, ou pral gen pou w sispann yo 1 jou anvan pwosedi a.*

- Exenatide IR (Byetta)
- Liraglutide (Victoza ak Saxenda)
- Pramlintide (Symlin)
- Semaglutide konprime (Rybelsus)
- Lixisenatide (yon pati nan Soliqua oswa Adlyxin)

## LIS MEDIKAMAN SGLT-2 YO

Inibitè kotranspòtè sodyòm-glikoz-2 (inibitè SGLT-2) yo se medikaman yo ka preskri pou dyabèt, pou maladi ren, oswa pou ensifizans kadyak. Medikaman sa yo ka lakòz konplikasyon ki ka mete lavi an danje si yo pa sispann yo anvan pwosedi w la. Li enpòtan pou ou SISPANN pran medikaman sa yo 4 jou anvan pwosedi a si w ap pran yo. Tanpri gade nan lis ki anba a. Apre pwosedi w la, ou dwe tann anvan ou rekòmanse pran medikaman sa yo jouk APRE PREMYE REPA W.

SISPANN PRAN MEDIKAMAN SA YO 4 JOU ANVAN PWOSEDI W LA:

Canagliflozin (Invokana)	Qtern	Invokamet
Dapagliflozin (Farxiga)	Qternmet	Sotagliflozin/Inpefa
Empagliflozin (Jardiance)	Synjardy	Stegluromet
Ertugliflozin (Steglatro)	Trijardy	Steglujan
Bexagliflozin (Brenzavvy)	Glyxambi	Xigduo XR

## LIS MEDIKAMAN ANTIKOWAGILAN YO

Si w ap pran medikaman pou ou rann san w fen, sa ka lakòz ou senyen pandan oswa apre andoskopi w la. Nan pifò ka yo (sof si doktè w endike yon lòt bagay), doktè w ap vle pou ou sispann pran medikaman sa yo anvan andoskopi w la.

Si w ap pran nenpòt nan medikaman sa yo ki anba a, tanpri asire w ou enfòme ekip gastrowantewoloji w la ak doktè ki ba w preskripsiyan an (si yo pa deja okouran), pou yo ka di w kilè pou ou sispann pran medikaman sa yo. Ou pa bezwen sispann pran Aspirin 81 mg.

Lovenox (Enoxaparin)	Edoxaban (Savaysa)	Clopidogrel (Plavix)	Acenocoumarol (Sinthrome)
Dalteparin (Fragmin)	Dabigatran (Pradaxa)	Prasugrel (Effient)	Dipyridamole (Persantine)
Fondaparinux (Arixtra)	Desirudin (Iprivask)	Ticlopidine (Ticlid)	Iprivask/Desirudin
Rivaroxaban (Xarelto)	Warfarin (Coumadin/Jantoven)	Ticagrelor (Brilinta)	Aggrenox (Dipyridramole/ aspirin)
Apixaban (Eliquis)	Cilostazol (Pletal)	Vorapaxar (Zontivity)	Innohep (Tinzaparin)

## REJIM KI GEN YON TIKRAS REZIDI (Kòmanse 7 jou anvan)

	<b>MANJE KI OTORIZE</b>	<b>MANJE POU EVITE</b>
<i>Pen/Grenn</i>	<p>Pen blan/ti pen, patisri senp (farin blan, san gress), krèp senp, wafèl senp, krakèz senp (saltine), diri blan, pat alimantè blan, krèm ble, corn flakes, rice krispies, pen pita, biskuit blan senp, begèl blan senp, ponmkèt senp (san bran), tòtiya, Cheerios, Corn Chex, Special K, Puffed Rice</p>	<p><b>OKENN</b> pwodui gress antye, pen ble, pen rye, pat alimantè ble, avwàn woule, bran, granola, nenpòt bagay ki gen gress/nwa/fwi seche, nenpòt bagay ki gen anpil fib/fib ajoute, krakèz ki fèt avèk gress, sereyal gress antye/sereyal ki gen anpil fib (sètadi raisin bran, shredded wheat, granola), diri mawon/diri sovaj, avwàn, quinoa, pen mayi, krakèz graham, pumpernickel, buckwheat</p>
<i>Legim</i>	<p>Legim mou nan bwat konsèv/kwit san po/kale (pa egzanp kawòt/chanpiyon/pwa vèt kale), ji legim ki pase nan paswa, pòmdetè san po, konkonm san po/san gress, chou frize kwit san tij, tomat si li san po oswa gress tomat, fèy zepina san tij, pwent aspèj kwit</p>	<p><b>OKENN</b> mayi, ti pwa, pwa (pwa wouj, pinto, garbanzo, pwa chich, chou vèt), navèt, lantiy, legim, choukwout, pifò legim kri, nenpòt legim (menm kwit) avèk gress/po, pòmdetè avèk po, konkonm avèk po/gress, tomat avèk po/gress, chou, chou Brussels, jounou, pwa lima, zonyon, vinèg, oliv, aspèj antye, pwa vèt, salad, berejèn, kawòt, yanm, koujèt, jounou, seleri, piman dous, nenpòt bwokoli (menm lè I kwit), chouflè, echalòt, bètrav, aticho</p>
<i>Fwi</i>	<p>Konpòt pòm, kòktèl fwi nan bwat konsèv, fig, fwi nan bwat konsèv oswa kwit san po/san gress, kantaloup/melon myèl mi, pèch/pwar kale, pòm san po, ji fwi san chè fwi, melon san gress</p>	<p><b>OKENN</b> fwi seche, rezen sèk, dat, fig, prin, pòm avèk po, nenpòt bèri, kiwi, rezen, nenpòt bagay avèk gress oswa chè fwi oswa po/manbràn, anana, zoranj, melon dlo, frèz, prin, kokoye, ji zoranj, ji chadèk, V8, prin/ji prin</p>
<i>Lèt/Pwodui letye</i>	<p>Lèt, krèm, yogout senp, babè, fwomaj (san fwi/gress), krèm si, fwomaj kotaj, chokola cho, krèm glase, lèt kokoye/zanmann, krèm ranvèse</p>	<p><b>OKENN</b> yogout avèk fwi/gress/bèri/granola/nwa, fwomaj avèk fwi/gress/nwa, fwomaj ble</p>
<i>Divès atik</i>	<p>Manba lis, jele, siwo myèl, siwo, pwav, kafe, mayonèz, bè, bè zanmann lis, siwo, boost/ensure (san fib ajoute), moutad fen (san gress), sòs soya, vinèg, chokola, bè, vyann mèg san grès ajoute (vyann bèf, pwason, vyann mouton, kochon, pou), tofou, ze</p>	<p><b>OKENN</b> pòpkòn, bè manba ak gwo moso, gress/nwa (chia, sezam, kinowa, flax, jounou, tounsòl, fenouy, pistach, zanmann, nwa, elatriye), chili, konfiti/mamelad, relish, moutad ki kraze ak wòch, vyann di oswa vyann ki di oswa ki difisil pou moulen/vyann ki gen moso ki di, vyann fri, sosis, bekonn, òtdòg, vyann pou manje midi</p>

Si w gen kesyon sou atik manje ki pa mansyone nan lis yo ki anwo a, ou ka jwenn lòt referans anplis sou entènèt pou rejim kolonoskopi ak tikras fib/tikras rezidi.

## KONPRANN ASIRANS SANTE W LA

Nan AdventHealth nou fè pi gwo efò posib pou nou bay pasyan nou yo pi bon kalite sèvis swen sante. Nan kad angajman nou pran pou gen transparans epi asire ou konprann kouvèti asirans ou an byen klè, nou vle pran yon ti moman pou eksplike kèk tèm asirans kle ke ou ka rankontre.

### 1. Kopeman (Kopey)

Yon kopeman se yon kantite lajan fiks ou oblige peye, antanke pasyan, pou sèten sèvis swen sante. Se plan asirans ou an ki detèmine kantite lajan kopeman an dwe ye epi li ka varye selon kalite sèvis oswa medikaman an. Tanpri gade nan kontra asirans ou an pou jwenn detay espesifik yo konsènan kopeman.

### 2. Koasirans

Koasirans se pousantaj nan pri total yon sèvis swen sante ou responsab pou ou peye apre ou fin rive nan limit dediktib ou a. Anjeneral, se konpayi asirans ou an ki konn kouvri rès pousantaj ki rete a. Pousantaj koasirans lan endike nan kontra asirans ou an.

### 3. Dediktib

Yon dediktib se kantite lajan ou dwe peye ak pwòp lajan w anvan kouvèti asirans ou an kòmanse peye. Apre ou rive nan limit kantite lajan dediktib ou a, konpayi asirans ou an ap kòmanse peye yon pòsyon oswa tout depans swen sante ki kalifye yo jan kontra asirans ou a defini sa a.

### 4. Montan maksimòm ki soti nan pòch

Kantite lajan maksimòm ki soti nan pòch la se pi gwo kantite lajan w ap gen pou ou peye pou sèvis ki kouvri yo nan chak peryòd kontra asirans lan. Yon fwa ou rive nan limit sa a, dabitid konpayi asirans ou an pral kouvri 100% depans pou sèvis ki kalifye yo.

### 5. Otorizasyon Davans

Otorizasyon davans se yon pwosesis kote founisè swen sante w la chèche apwobasyon nan men konpayi asirans ou an anvan yo ka kouvri sèten sèvis oswa medikaman. Li enpòtan pou w konprann ki sèvis ki bezwen otorizasyon davans pou evite nenpòt depans enprevi.

Nou konprann li ka akablan pou navege konpleksite tèm asirans yo. Si w gen nenpòt kesyon oswa ou bezwen plis klarifikasyon konsènan kouvèti asirans ou an, kontakte depatman bòdwo nou an oswa kontakte founisè asirans ou an dirèkteman.

Sèvis finansye pasyan: [855-241-2455](tel:855-241-2455) | Anrejestreman alavans: [407-303-0519](tel:407-303-0519)

Mèsi paske w te chwazi AdventHealth pou bezwen swen sante w yo.  
Nou apresye konfyans ou fè nou epi nou pa ka tann pou n sèvi w.

Vèsyon 7.1

